INTERNATIONAL: JOURNAL OF SCIENCE-INNOVATIVE RESEARCH
Volume 01. Issue 02. September-2025

# Qaraqalpaq til biliminde arxeologiya ilimine baylanıslı terminlerdiń qollanılıw ózgesheligi

**Tursınbaev Esengeldi**

**Таянч сўзлар**: термин, терминология, лексика, семантика, лингвистика, система, археология ва бошқалар.

**Ключевые слова**: термин, терминология, лексика, семантика, лингвистика, система, археология и др.

**Key words**: termin, terminology, vokabulary, semantiks, linguistics, system, archaeology and another.

Til ilimi tájiriybesinde hátteki pútkil terminler sistemasın kózde tutıp, tildiń sózlik quramındağı terminlerge tán rawajlanıw nızamlılıqların úyretetuğın til iliminiń bir tarawın terminologiya dep atasa (máselen, qaraqalpaq tiliniń terminologiyası, qazaq tiliniń terminologiyası t.b.) sol pútin terminler sistemasınıń turmıstıń túrli salalarında payda bolıwı, qollanılıwın esapqa ala otırıp, tematikalıq kózqarastan ayırım toparlarğa birigiwshi túrlerin belgilewge, olardı podsistemalar retinde bahalap pedagogikalıq terminologiya sociallıq-ekonomikalıq terminologiya ilimiy-texnikalıq terminologiya t.b. túrinde de ataw jağdayları jiyi ushırasadı. Bul tarawlıq terminlerdiń sol tarawğa tán uğımlardı anıqlaw zárúrliginen, xızmetinen, qollanılıw ózgesheliklerinen kelip tuwǵan jağdaylardan esaplanadı.

Qaraqalpaq tiliniń terminler sistemasında anaw ya mınaw terminniń zatlıq mazmunı, belgili bir jámiyetlik turmıs salasına qatnası, xızmeti hám qollanılıw ayrıqshalıqlarına sáykes, túrli podsistemalardı payda etiwshi tarawlıq toparları qáliplesken.

Ilimiy baqlawlar qaraqalpaq tili terminler sistemasınıń qáliplesiwi hám rawajlanıwı xalıqtıń bastan keshirgen tariyxıy basqıshlarınıń jağdaylarına onıń materiallıq hám ruwxıy, jámiyetlik-siyasiy hám sociallıq-ekonomikalıq turmısına, jámiyetlik ortalıqtağı basqa xalıqlar menen ulıwma xalıq tiliniń soğan sáykes rawajlanıw halatına, turmıstıń túrli salalarındağı baylanıslarına ğárezli bolğanlığın tastıyıqlaydı[1]. Usı kóz qarastan kórnekli tyurkolog N.A.Baskakovtıń qaraqalpaq tiliniń sózlik quramınıń rawajlanıwı haqqında ayta kelip, Orta Áziyadağı tiykarğı túrkiy

[1]E.Berdimuratov. Terminlerdiń rawajlanıw basqıshları boyınsha avtordıń usı máselege baylanıslı ilimiy basshılığında orınlanğan ilimiy izertlewlerdiń materialları paydalanıldı.

xalıqlar tilleriniń tariyxıy rawajlanıw halatında ulıwmalıq yamasa uqsaslıq bar dep tastıyıqlawı shınlıqqa oǵada durıs keledi[2]. Sózlik quramnıń rawajlanıwındaǵı tariyxıy jaǵdaylar ulıwma yamasa uqsas túrkiy tiller menen salıstırǵanda, durısın aytqanda, Orta Áziyadaǵı bul tiykarǵı túrkiy xalıqlardıń jasaw ortalıǵındaǵı ekonomikalıq hám turmıs jaǵdaylarına, shárayatlarına tán uqsaslıqqa baylanıslı ekenligin eskertip ótedi.

Terminologiyalıq mashqalalardı úyreniwge baylanıslı ilimiy izertlewlerde anaw ya mınaw terminlik toparlardıń rawajlanıw basqıshların anıqlaw, soǵan sáykes olardıń sanlıq hám sapalıq dárejeslerin ádebiy til kózqarasınan bahalaw baslı máselelerdiń biri retinde qaralıp kiyatır. Solay da ilimpazlar arasında bul máselede túrlishe jantasıwlar, túrlishe pikirler hám usınıslar ómir súrip kelmekte. Máselen, qaraqalpaq tilinde jámiyetlik-siyasiy leksikanıń qáliplesiw hám rawajlanıw basıqshları úsh dáwirge bólip kórsetiledi: birinshi dáwir 1924-jıldan 1940-jılǵa shekemgi aralıqtı, ekinshi dáwir 1940-jıldan 1960-jılǵa shekemgi aralıqtı, al úshinshi dáwir 1960-jıldan keyingi dáwirdi óz ishine aladı[3]. bunda izertlewshi tiykarınan qaraqalpaq xalqınıń turmısında jazıwdıń, baspa isleriniń, baspa sózdiń payda bolıw hám jetilisiw jaǵdayların esapqa aladı, sonlıqtan 1924-jıldan, yaǵnıy qaraqalpaq tilinde gazetanıń dáslepki sanınıń shıǵıwı menen jámiyetlik-siyasiy leksikanıń payda bolıw hám qáliplesiwiniń birinshi dáwiri baslandı degen pikirge keledi, bul basqıshlıq anıqlawdıń, ulıwma alǵanda, kórnekli til ilimpazı D.S.Nasırov tárepinen usınılǵan tariyxıy basqıshlarǵa, yaǵnıy 1917-1940, 1940-1960, 1960-jıldan keyingi dáwirlerge jaqın ekenligin eskertedi.

Qaraqalpaq ilimiy terminologiyasınıń ayırım toparlarına baylanıslı izertlewlerdi aytayıq, lingvistikalıq, ádebiyattanıw terminleri, h.t.b. boyınsha avtorlar. Sáykes terminologiyalıq qatlamlardıń payda bolıw, qáliplesiw hám rawajlanıw dáwirlerin anıqlawǵa ayrıqsha kewil awdardı[4]. Bunda olar sol ilim tarawlarına tán terminlerdiń payda bolıw hám qáliplesiw halatların xalıq turmısındaǵı soǵan sáykes ilimiy uǵımlar hám atamalardıń sózlik quramda dórewine, olardıń ádebiy tildiń talaplarına qaray podsistemalar sıpatında qáliplesiw hám rawajlanıwına tiykarlanadı. Aytayıq, lingvistikalıq terminologiyanıń qáliplesiwi til iliminiń rawajlanıwına baylanıslı. Ádebiy tilde lingvistikalıq uǵımlar tiykarında sáykes arnawlı terminler atamalardıń dórewi hám podsistema túrinde qáliplesiwine sebepshi boldı. Nasırov D.S. tárepinen

---

[2] Н.А.Баскаков. состав лексики каракалпакского языка и структура слова. –«Исследования по сравнительной грамматике тюрских языков». IV. Лексика. М., 1962. 69-б.
[3]А.Пирназарова. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилинде жәмийетлик-сиясий лексиканың қәлиплесиӯ ҳәм раӯажланыӯ жоллары. ҚДА. Ташкент. 1986. 9-б.
[4]Қ. Пирниязов. Қарақалпақ тилиниң лингвистикалық терминологиясы, ҚДА. Ташкент. 1983. Қ.Алланазаров. Қарақалпақ тилиниң әдебияттаныӯ терминлери. ҚДА. Ташкент. 1985.

qaraqalpaq til biliminiń tariyxıy rawajlanıwın úsh basqıshqa ajıratıp qarawda (1917-1940, 1940-1960, 1960-jıldan keyingi) mine usı jaǵday esapqa alınǵanlıǵı belgili[5]. Lingvistikalıq terminologiyanıń qáliplesiw hám rawajlanıw dárejesi de usı halatlarǵa tikkeley ǵárezli bolǵanlıǵı sózsiz.

ilimpaz I.Siforov filologlardı kem úyrenilgen sociallıq pánler terminologiyaların úyreniw hám tártipke salıw boyınsha jol jorıq kórsetip, terminologiya ilimine úlken úles qostı. Arxeologiyalıq atamalardıń ayrıqsha qásiyetlerin úyreniw terminniń mánisin tereńirek túsiniwge, onıń ulıwma kórkem ádebiyatqa baylanıslı sóz benen óz ara tásiri procesiniń quramalılıǵın ashıp beriwge hám terminniń terminde islew nizamlıqların anıqlawǵa járdem beredi.

Arxeologiya ilimine baylanıslı terminlerdiń qaraqalpaq til iliminde qollanılıw ózgesheligi haqqında sóz bolǵanda, olardıń ilimde qollanılıw órisin mısallardı tallaw arqalı úyrenip shıǵamız.

**Arxitekturadaǵı ústin**- (francuzcha colonne, latınsha columna, “ústin”) - arxitekturalıq qurılıstıń bir bólegi, cilindr tárizli ústin, aǵash, tas yamasa metall. Klassikalıq arxitekturada ol entablatura yamasa archni qollap-quwatlaydı. Kvadrat kesimli ústinge pilon, tegislengen ústinge bolsa pilaster dep ataladı. Yarım ústinler hám úsh sherek ústinler de bar. Yarım ústin diywal tegisliginen yarımı diametrinen tısqarıǵa shıǵadı; sherek úsh-tórtten úsh. Ústin júk kóteriwshi strukturalıq elementlerdi qollap-quwatlawı yamasa dekorativ funkciyanı orınlawı múmkin. Pilaster ústin menen sırtqı uqsaslıqlarǵa iye, biraq entasis joq; júk kóteriwshi arxitekturalıq element yamasa dekorativ element bolıwı múmkin. Antablatura menen baylanısqan ústinlerdiń uzın izbe-izligine ústinler dep ataladı.

**Arxeoastronomiya -** XX ásirdiń ekinshi yarımında qáliplesken pán bolıp, onıń predmeti áyyemgi adamlardıń astronomikalıq ideyaları esaplanadı. Ol arxeologiyalıq estelikler hám áyyemgi artefaktlardı, olarda astronomikalıq áhmiyetke iyeligin úyreniwshi astroarxeologiyaǵa, folklor hám etnografikalıq maǵlıwmatlar tiykarında áyyemgilerdiń kosmologiyalıq hám kosmogonikalıq ideyaların ashıp beretuǵın etnoastronomiyaǵa, astronomikalıq sızılmalardı uyreniwshi astropiktografiyaǵa bólinedi. Barlıq etniklerdiń kelip shıǵıwına kóre málim bolmaǵan, túrli xalıqlardıń jasaw jaǵdayına qaray mifologiyalıq túsinikleriniń astronomikalıq mánisin uyreniwshi ózgerislerge qaray diniy túsiniklerdiń ózgeriwin úyreniwshi astroteologiya juldızlı aspan, juldızlı aspannıń astronomikalıq naǵıslarınıń ózgeriwine qaray áyyemgi

[5] Д.С.Насыров. развитие языкознания за годы советской власти –«Советская тюркология», 1973. №3, 111-б.

adamlardıń biliw hám dúnyaǵa kózqarasındaǵı ózgerislerdi uyreniwshi astrognoseologiya.

**Arxeogenetika** - molekulyar genetikalıq izertlew tarawı bolıp, ol jaǵdayda populyaciya genetikası usılları insaniyat tariyxın úyreniwde qollanıladı. “Arxeogenetika” termininiń avtorı Britaniyalı arxeolog Kolin Renfrew esaplanadı.

1963- jılda Emil Tsukerkandl hám ximik Linus Pauling “paleogenetika” terminin usınıs etti hám jańa pánniń “at qoyǵan atası” 2022-jılda erisken jetiskenlikleri ushın Nobel sıylıǵına iye bolǵan biolog Svante Pabo edi.

**Arxeologiyalıq mádeniyat-** ádette arxeologiyalıq mádeniyat basqalarınan ajıralıp turatuǵın ayrıqsha ózgesheligine kóre ataladı: gúlalshılıq hám bezewlerdiń forması yamasa bezewleri (mısalı, voronka mádeniyatı ), kómiw dástúrleri (mısalı, ketekomba mádeniyatı) hám taǵı basqa yamasa málim bir mádeniyat eń tipik estelikleri birinshi tabılǵan aymaq (mısalı, Dnepr-Donetsk mádeniyatı) boyınsha.

**Arxeologiyalıq estelik** - ótken zaman haqqındaǵı málim muǵdardaǵı maǵlıwmatlardı óz ishine alǵan materiallıq mádeniyat obyekti.Arxeologlar kóbinese, jaratıwshılar ol yamasa bul turaq-jay yamasa áwliyeni ne dep ataǵanın bilmeydi. Arxeologiyalıq orın atı turaqlı toponimge aylanadı (geografiyalıq obyekt atı - taw, dárya yamasa xalıq punkti).

Arxeologiyalıq terminler ele detolıq úyrenilmegen. Arxeologiyalıq terminologiya máselelerine tolıq emes Arxeologiyalıq leksikologiyaǵa tiyisli dóretpeler, gónergen sózlikke tiyisli izertlewler - istqaraqalpaqizmlar, tiller ara óz ara tásirge tiyisli dóretpelerde etnografiyalıq terminologiya máselelerine tolıq emes toqtalıp ótiw múmkin. Arxeologiya terminologiyasi leksikografiyada kóbirek óz sawleleniwin tapqan. Arxeologiyalıq cikldıń qandayda bir pániniń atamaların arnawlı úyreniw ele ámelge asırılmaǵan.

Arxeologiyalıq terminologiya ulıwma kórkem ádebiyatqa baylanıslı tilge sezilerli dárejede jaqınlıq dárejesi menen xarakterlenedi, sebebi formallastırıw hám algoritmlew usıllarınan paydalanatuǵın pánlerdegi túsiniklerden ayrıqsha parqlı bolıp esaplanıp, arxeologiya kózqarasınan belgilengen túsinikler substantiv anıqlıqqa iye.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Бекбергенов А., Пахратдинов Қ. Тил билими терминлери сөзлиги. Нөкис, «Қарақалпақстан» 1997.
2. Бегматов Э. Хозирги ўзбек адабий тилининг лексик қатламлари. – Тошкент: 1985.
3. Berdimuratov E. Qaraqalpaq tili terminleri. Nókis, "Bilim", 1999.
4. Бурдюг М.Г. Термины геоморфологии в «Записках путушуствий на Восток в века», 2000.
5. Даниленко В.П. Русская терминология: Опыт лингвистического описания. –М.:Наука, 1977.

**Internet dárekleri**

6. http://uzedu.uz. Ózbekistan Respublikası Xalıq tálimi vazirligi veb saytı
7. http://kkuzedu.uz. Qaraqalpaqstan Respublikası Xalıq Bilimlendiriw Ministrligi veb saytı
8. http://kitob.uz. Ózbekistan Respublikası kitapları veb saytı
9. http://natlib.uz. Álisher Nawayı kitabxanası veb saytı